


Alkitab kanggo murangkalih  
Nyanggakeun

# Budak Nu Leungit



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Lazarus, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Yésus resep nyaritakeun jalma-jalma ngeunaan panghampura Gusti. Tapi pamingpin Yahudi humandeuar ngeunaan silaturahmi na jeung nu dosa. Jadi, Yésus nyaritakeun tilu carita pikeun némbongkeun yén Gusti teh bagja dina waktu jalma-jalma nu dosa rumangsa hanjakal kana dosana.



Carita munggaran ngeunaan hiji lalaki nu

boga saratus

domba. Hiji

dombana leungit.

Geuwat éta tukang

ngangon ninggalkeun anu


salapan puluh salapan,

terus kaluar pikeun

manggihan

domba nu

leungit.





Si tukang ngangon ngaléos terus maluruh nepi ka kapanggih dombana. Lajeng anjeunna nempatkeun kana taktak sarta dibawa ka imah kalawan gumbira. Ka batur-baterna anjeunna nyarios,

"Sing bungah jeung kami, sabab kami geus manggihan domba kami anu leungit!"



Yésus ngajelaskeun  
yén aya kabagjaan  
nu gedé di sawarga  
lantaran hiji jalma  
dosa nu tobat. Tobat  
hartina kaduhung  
pikeun dosa-dosa  
urang - rumangsa  
kaduhung dugi ka  
ngeureunan dosa!





Carita Yesus salajengna  
nyaéta ngeunaan awéwé anu  
ngagaduhan sapuluh koin  
pérak, sigana sadayana  
tabungan hirupna. Ieu teh  
perkawis anu pikareueuseun.  
Manehna leungit salah  
sahiji koin na.



Nyapu! Nyapu! Nyapu! Wanoja ningali ka mana-mana. Tungtungna manehna manggihan koin anu leungit. Manéhna bagja pisan. Tiasa nebak naon anu anjeunna laksanakeun? Sumuhun, manehna ngawartoskeun sakabeh babaturanana!








Saur Isa deui, "Aya kabagjaan di antawis malaikat-malaikat Gusti kulantaran hiji jalma dosa anu tobat."



Carita katilu anu dicaritakeun  
ku Yesus mangrupikeun anu  
paling sedih. Dicaritakeun  
ngeunaan budak lalaki anu  
ninggalkeun imah bapana.




Dina hiji nagri anu jauh aya budak anu méakkeun  
duit na royal-royalan sakarepna. Ayeuna naon  
anu anjeunna tiasa lakukeun? Anu matak parah,  
datang kalaparan. Nu aya mah budak teh bisa  
maot kalaparan.



Kulantaran kalaparan, budak éta tungtuna ngagaduhan padamelan pikeun nyoco babi. Tapi teu aya anu nyoco anjeunna. Anjeunna kapaksa ngahakan kadaharan babi. Sigana mah kitu! Ahirna, budak éta sadar. "Arek balik we ka imah, para palayan di imah ogé meunang dahareun," pikirna.








"Abdi badé uih ka bumi sareng nyarios ka Bapa yén abdi kaduhung kana dosa-dosa abdi. Abdi henteu pantes janten putrana deui. Mugia anjeunna tiasa ngagajih abdi."



Nalika éta budak masih jauh ti imah, bapana katémbong datang nyampeurkeun. Kulantaran bungah, bapana lumpat ka anakna nu keur mulang.

Anjeunna nyium budak éta, sareng ngarangkul anjeunna.





"Bapa, abdi parantos milampah dosa. Abdi henteu pantes deui disebut putrana bapa." Budakna rek menta ka bapana sangkan ngagajih. Tapi Bapana nyampeurkeun. Bawa jubah panghadéna, sendal, jeung cingcin keur anak kaula. Sareng siapkeun pésta anu hade."



Aya pésta hade pisan sabab putra nu leungit geus kapanggih. Yesus nyarioskeun carita ieu sabab

nunjukkeun kumaha Gusti mikanyaah nampi jalma-jalma dosa anu tobat sareng sumping ka Anjeunna.





Budak Nu Leungit


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Lukas 15

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130






Rengse



45



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

